

NeMutungamiri
Thomas S. Monson



Vimbiso Dzakakosha dzeBhuku raMormoni

Makore mazhinji apfuura ndakamira parutivi pemubhedha wevamwe baba vechidiki apo pavakanga vava pedyo nerufu. Mudzimai wavo ainetsekana zvikuru nazvo nevana vavo vaviri vakanga vakamira pedyo. Vakatora ruoko rwangu munerwavo uye, nokuteterera, vakati, “Bhishopu, ndinoziva ndavakuda kufa. Nditaurirei chichaitika kumweya wangu kana ndafa.”

Ndakanamata chinyararire kuti ndiwane kutungamirwa kwedenga uye ipapo ndakacherechedza kuti patafura yeparutivi pemubhedha wavo paiva nebhuku rine magwaro matsvene matatu akabatanidzwa. Ndakasveverera ndikatora bhuku iri uye ndikazarura mapeji aro. Pakarepo ndakaona kuti, ndisina kumboedza zvakananya, ndakanga ndamira pachitsauko 40 chaAruma muBhuku raMormoni. Ndakaverenga mazwi aya kwavari:

“Tarisai, zvakaziviswa kwandiri nomutumwa, kuti mweya yavanhu vose, shure kwokunge yasiya muviri uno, . . . inotorwa yoenda kumusha kuna Mwari ivavo vakavapa upenyu.

“Uye . . . mweya yaavo vakarurama igamuchirwe mukufara, munzvimbo inodaidzwa kuti paradiso, mukuzorora, murunyararo, apo vachazorora kubva kumambudziko avo ose, nemukusuwa” (Aruma 40:11–12).

Apo ndakaenderera mberi nokuverenga pamusoro

peKumuka Kuvakafa, kupenya kwakauya kumeso kwe-murume wechidiki uyu uye kunyemwerera kwakava pamuromo wake. Apo pandakapedza kushanya kwangu uku, ndakaoneka mhuri yakanaka iyi.

Ndakazoonza zvakare mudzimai wake nevana parufu rwake. Ndinofunga shure kuusiku ihwohwo apo murume wechidiki akateterera kuti azive chokwadi uye, kubva muBhuku raMormoni, akanzwa mhinduro kumubvunzo wake.

Kubva muBhuku raMormoni kunouya dzimwe vimbiso dzakakosha, kusanganisa vimbiso dzerunyararo, dzerusununguko, nedzemaropafadzo kana “tiri tinoshandira Mwari wenyika, ari iye Jesu Kristu” (Eta 2:12).

Kubva mumapeji aro kunouya vimbiso “yerufaro rwusingaperi” kune “avo vanochengeta mirairo yaMwari. Nokuti tarisai, vakakomborerwa muzvinhu zvose, zvose munyama napamweya” (Mosiya 2:41).

Kubva mumapeji aro kunouya vimbiso “yerufaro rwusinganzwisike” kune avo vanova “mudziyo[midziyo] mumaoko aMwari” mukununura vanakomana nevanasikana Vavo vakakosha (Aruma 28:8; 29:9).

Kubva mumapeji aro kunouya vimbiso yekuti Israeri yakapararira ichaunganidzwa—rinova basa ratiri-kushanda kuburikidza nebasa redu guru reudzidzisi

pasi rose (ona3 Nifai 16; 21–22).

Kubva mumapeji aro kunouya vimbiso yekuti apo tinonamata kuna Baba muzita rinoyera raJesu Kristu, mhuri dzedu dzinozoropafadzwa (ona 3 Nifai 18:21).

Kubva mukudzidza mapeji aro kunouya kuzadzikiswa kwevimbiso yakaporofitwa yekuti “kunozouya muupenyu hwenyu uye mudzimba dzenyu mwero wakawedzerwa weMweya waIshe, chido chakasimbiswa chekufamba mukuteerera kumirairo Yavo, uye uchapupu hwakasimba hwechokwadi chekuvapo kweMwanakomana waMwari.”¹

Uye kubva mumapeji eBhuku raMormoni kunouya vimbiso yaMoronai yekuti kuburikidza nemunamato, chido chechokwadi, nerutendo munaKristu, tingangoziva chokwadi chevimbiso idzi “nesimba reMweya Mutsvene” (ona Moronai 10:4–5).

Pamwechete nevamwe vaporofita vemazuva eku-pedzisira, ndinopupura huchokwadi “hwebhuku rino rezvirokwazvo zvikuru kupinda rimwe bhuku ripi zvaro panyika,”² kunyange Bhuku raMormoni, humwe huchapupu hwaJesu Kristu. Shoko raro rinotandira nenyika

uye rinounzira vaverengi varo ruzivo rwechokwadi. Uchapupu hwangu hwekuti Bhuku raMormoni rinoshandura upenyu. Mumwe nemumwe wedu ngaariverenge uye agoriverenga zvakare. Uye ngatigoverane nerufaro uchapupu hwedu hwevimbiso dzaro dzakakosha nevana vose vaMwari.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Gordon B. Hinckley, “A Testimony Vibrant and True,” *Liahona*, Aug. 2005, 6.
2. *Teachings of Presidents of the Church: Joseph Smith* (2007), 64.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mumagwaro matsvene “tinowana misimboti ye-chokwadi inozogadzirisa kwese kukangaidzika uye rese dambudziko nekwese kudzemberedzwa kuchatarisana nemhuri yemunhu” (*Teaching, No Greater Call* [1999], 51). Apo munogovera shoko reMutungamiri Monson nemhuri yamunoshanyira, vakokeyi kuti vateerere “kuvimbiso dzakakosha” dzavanodoma muBhuku raMormoni. Mungangogovera vimbiso yemuBhuku raMormoni yakakosha kwamuri.



Rutendo • Mhuri • Rubatsiro

Kana Tichitenda

Dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chive chikamu chinoshanda chepenyu hwenyu pachenyu.

MuBhuku raMormoni tinove-
renga pamusoro pemajaya
akanaka zvikuru vakanga vaine
ushingi zvikuru, vasingatye, uye
vakasimba chaizvo. “Hongu, va-
ive varume vechokwadi vakatsiga,
nokuti vakanga vakadzidziswa
kuchengeta mirairo yaMwari no-
kufamba vakatwasanuka pamberi
pake” (Aruma 53:21). Majaya aka-
tendeka aya akapa rumbidzo kuna
vanamai vavo—vaiva mienzaniso
nevadzidzisi vavo.

Vanamai vevarwi vaHiramani
vakararama munguva dzisina
kusiyana nedzedu. Mamiriro
ezvinhu avo akanga akaoma uye
ainenjodzi, uye vechidiki vaidai-
dzwa kuti vadzivirire rusununguko
rwenyama nerwe zvemweya.
Nhasi tinorarama munyika umo
“matingarwi nenyama neropa,
asi nevabati, navanesimba, navato-
ngi verima renyika ino, nemweya
yakaipa iri munzvimbo dzepamusoro”
(VaEfeso 6:12).

Nguva dzakaoma dzinoda vabe-
reki vakasimba uye mienzaniso avo
vanodzidzisa chokwadi chaizivi-
kanwa nevarwi vaHiramani: “Kana
vachitenda, Mwari vanovabatsira”
(Aruma 56:47). Kudzidzisa nekura-
tidza chokwadi ichi nhasi zvinoda
kushinga. Zvisinei, hatifanire kutya.

Kana tichinge tichiziva kuti tiri
vanaani uye kuti Mwari ndiyani uye
takaita zvibvumirano naVo, Isu—sa-
vanamai vevarwi ava—tinozova ne-
kukurudzira kukuru kwezvakanaka.

Zvingangova kuti, mumwe
nemumwe wevarwi zvuru zviviri
nemakumi matanhatu vaHiramani
akanga akakurudzirwa namai. Asi
vanamai ava havana kuzviita vega.
Pamwechete nevamwe varume ne-
vakadzi vakarurama, vanamai ava
vanofanira kunge vakabatanidza
rutendo rwavo nemunzaniso wavo
kuti vadzidzise simba rezvibvu-
mirano. Vanhu vechidiki venguva
iyoyo vainzwisisa chibvumirano
chakanga chaitwa nevaberiki vavo
chekusarwa muhondo. Uye ku-
nyange apo pazvairatidzika sezvi-
singakwanisike, Baba Vekudenga
vane rudo vakazarura nzira yekuti
vabereki ava vachengete chibvumi-
rano chavo—(ona Aruma 56:5–9).
Nesuwo saizvozvo tinofanira ku-
kudza zvibvumirano zvedu kuitira
kuti vana uye vechidiki—vana
vedu pachedu neavo vari muma-
wadhi edu, mumapazi edu, muva-
vakidzani vedu, nemunharaunda
medu—vanozonzwisisa nekutsigira
kuchengeta zvibvumirano.

Apo tinokudza zvibvumi-
rano zvedu, Baba Vekudenga

vanokwanisa kutigadzirira nzira.
Tinofanira kurarama zvibvumi-
rano zvedu nemazvo chaimo.
Semuenzaniso, tinokwanisa kuita
nemazvo chaimo mukunamata,
mukuverenga magwaro matsvene,
mukuva nemvumo yekupinda
mutemberi, mukupfeka zvakadzi-
kama, mukukudza Sabata. Apo
tinoita izvozvo, vana vedu vano-
zoziva uye vanozokwanisa kuti,
“Tinotenda kuti vanaamai vedu
vaizviziva” (Aruma 56:48).

Madzimai eVatendi Vamazuva
eKupedzisira avo vanoziva kuti
simba ravo rinobva muRudziki-
nuro rwaIshe havabvume kuku-
ndikana munguva dzakaoma uye
dzinoodza mwoyo. Sevachengeti
vechibvumirano, tinoita zvaka-
nakisisa pakuchengeta, kuku-
dziridza, nekudzivirira vana uye
vechidiki kuitira kuti rimwe zuva
tingazokwanisa kuti maerarano
nechizvarwa chirikukura ichi, “Ha-
ndina kumbenge ndakaona ku-
satya kwakadaro, kwete, handina
kumbozviona mukati mavose”
(Aruma 56:45).

*Julie B. Beck, Mutungamiri Mukuru
weChita cheRubatsiro*

Kubva muMagwaro Matsvene

Aruma 58; 56–58

Chii Chandingaite?

- 1.** Ndingabatsire sei masisita angu kucherechedza nekushandisa simba ravainaro rekukurudzira chizvarwa chiri kukura?
- 2.** Ifemero ipi yandichawana mu-Bhuku raMormoni yekugadzirisa zvinogozha zvandiri kutarisana nazvo nhasi?

Kuwana rumwe ruzivo, enda ku
www.reliefsociety.lds.org.